

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana (Moleong dina Arikunto, 2010, kc. 22).


Sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé, tangtuna waé kudu dirojong ku métode-métode anu luyu jeung tujuan nu rék dihontal. Métode anu dipaké bakal mangaruhan kana léngkah-léngkah panalungtik dina ngumpulkeun jeung ngolah datana. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Kecap déskriptif asal kecapna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan atawa hal séjén. Métode déskriptif nya éta métode panalungtikan nu digunakeun pikeun ngagambarkeun sarta ngajelaskeun hiji hal, nu satuluyna dijéntrékeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 3).

Métode déskriptif anu digunakeun nya éta métode déskriptif analitik. Métode ieu dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna dianalisis (Ratna, 2012, kc. 53). Ku kituna ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitik nu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis ajén-ajén agama islam anu nyangkaruk dina naskah *Wawacan Suluk Panji*.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik. Désain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti néangan naskah, ngataransliterasi naskah, ngaidéntifikasi masalah, ngarumuskeun tur ngawatesanan masalah, studi pustaka kana naskah *Wawacan Suluk Panji* jeung sumber pustaka lianna nu ngarojong kana panalungtikan, ngolah data, sarta nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan. Désain panalungtikan nu dilaksanakeun dibagankeun saperti di handap ieu.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data


Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung keretas atawa dokumén (*paper*).

- Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.
- Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode obsérvasi.
- Keretas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Nilik kana pedaran di luhur, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa keretas atawa dokumén (*paper*). Keretas atawa dokuménna nya éta naskah *Wawacan Suluk Panji* jeung sumber tinulis lianna. Ieu naskah téh asalna ti

bapa Aep Saepuloh (48 taun), anu padumukanana di Dusun Péréng, Désa Talun, Kacamatan Ibun, Kabupatén Bandung. Ieu naskah mangrupa koléksi pribadi atawa warisan anu turun tumurun ti kulawargana. Ditulisna ti katuhu ka kénca sarta ngagunakeun basa Sunda kalawan maké aksara Pégon. Keretas anu dipaké nya éta keretas pabrik, kandelna 126 kaca sarta teu kapanggih *watermark* dina keretasna. Ieu naskah dijadikeun sumber utama dina ieu panalungtikan.

Gambar 3.1
Jilid naskah *Wawacan Suluk Panji*



3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih gampang jeung hasilna hadé, hartina leuwih cermat, lengkep, jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto, 2010, kc. 203).

Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun di antarana saperti ieu di handap.

- Handphone*, digunakeun pikeun ngarekam caritaan atawa data-data hasil wawancara ngeunaan objék panalungtikan.
- Kamera *digital*, digunakeun pikeun nyokot gambar atawa ngadokuméntasikeun data-data anu sipatna penting.

- c. Pedoman wawancara, mangrupa runtusan patalékan, biasana ngawengku idéntitas réspondén sarta pokok-pokok patalékan nu baris ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék anu ditalungtik.

Pikeun maluruh idéntitas ngeunaan naskah, ieu di handap ditulis pedoman wawancarana.

Tabél 3.1
Padoman Wawancara

Padoman Wawancara

1. Idéntitas informan
 - Wasta :
 - Jenis kelamin :
 - Umur :
 - Kalungguhan :
 - Alamat :
 - Pakasaban :
 - Jenjang atikan :
2. Pertanyaan
 - Naon judul ieu naskah?
 - Saha nu nulisna?
 - Ti saha jeung ti mana meunangna ieu naskah?
 - Kumaha pancakakina ka nu nulis ieu naskah?
 - Kumaha prosés meunangna ieu naskah (meunang meuli, warisan, nginjeum, jsb)?
 - Naha aya pasaratan nalika narima ieu naskah?
 - Di mana disimpenna ieu naskah? Naha aya tempat husus?
 - Naha aya pasaratan husus atawa ritual husus pikeun ngariksa ieu naskah?
 - Kumaha kalungguhan ieu naskah dina kahirupan masarakat?
 - Nanon fungsi ieu naskah? Kiwari masih sok dipaké atawa henteu?
 - Saupama masih dipaké, tujuanna keur naon?
 - Sanggeus maca ieu naskah, aya éfék atawa pangaruhna teu?
 - Naha aya carita husus anu patali jeung ieu naskah?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan anu gunana pikeun néangan jeung nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan

2) Téhnik Obsérvasi

Marshall dina (Sugiyono, 2010, kc. 316) ngajelaskeun yén dina obsérvasi panalungtik bakal diajar ngeunaan paripolah sarta ma'na tina éta paripolah.

3) Téhnik Wawancara

Wawancara mangrupa kagiatan komunikasi antara dua jalma pikeun néangan informasi jeung ideu ngaliwatan kagiatan tanya jawab nepi ka kapanggih hiji ma'na tina hiji topik.

4) Téhnik Dokuméntasi

Sugiyono (2010, kc. 329), nétélakeun yén hasil panalungtikan bakal leuwih bisa dipercaya upama dieuyeuban ku rupa-rupa bentuk dokuméntasi (foto, *video*, karya tulis, seni nu geus aya saméméhna).

3.4 Analisis Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah satuluyna anu kudu dilakukeun nya éta ngolah data (analisis data). Léngkah-léngkah dina ngolah data nya éta saperti di handap ieu.

- a. Ngaidéntifikasi data (naskah)
- b. Nyusun transliterasi naskah
- c. Nganalisis data
- d. Ngadéskripsikeun data
- e. Nyieun kacindekan